

Ap tẽŋkk bu am solo Ci taari lislaam

Ap tẽŋkk bu am solo Ci taari lislaam

Kiko binnd Cheikh Abdurahmane Ibn

Naasir Saadi (1307 -1376 ci gaaddaygi)

Kiko jeema firi Djibril Dièye

<https://islamhouse.com/2808849>

- Ap tẽŋkk bu am solo Ci taari lislaam
 - Missaal Bi jiit
 - Ñaareel bi
 - Natteel bi
 - Ñeenteel bi
 - Juroomeel bi
 - Juroombenneel bi

- Juroomñaaareel bi
- Juroomñatteel bi
- Juroomñeenteel bi
- Fukkeel bi
- Fukkeel bi ak beenn
- Fukkeel bi ak ñaar
- Fukkeel bi ak ñatt
- Fukkeel bi ak ñeentt
- Fukkeel bi ak juroom
- Fukkeel bi ak juroom beenn
- Fukeel bi ak juroom ñaar
- Fukkeel bi ak juroom ñatt
- Fukkeel bi ak juroom ñeent
- Ñaarfukkeel bi
- Ñaarfukkeel bi ak beenn

Ap tẽŋkk bu am solo Ci taari lislaam

Kiko binnd

Cheikh Abdurahmane Ibn Naasir Saadi

(1307 -1376 ci gaaddaygi)

Kiko jeema firi

Djibril Dièye

Ci turu Yaalla laay dore sama mbinnd
mi, moom miy borom yërmënde gu
yaatuwi te di yërëm kuko soop.

Mboolem xeeti canntyi ñeelna Yaalla,
ñi ngi koy sant diko dimmbandikoo
diko jeggalu di tuup jëm ci moom di
muslu ci moom ci sunu mbon-mnoni
bakken ak suñuy jëf yu ñaaw. Kepp ku
Yaalla ginndi kenn mënëtukaa reral,

waye kepp kumu setaan cik
maanduteep bamu reer kenn mënëtukaa
jubal. Maa ngi sesde ne amul lenn luñu
wara jaamu ci dëgg kumoy Yaalla,
moom dongg deesukoo bookkaale. Di
seede ne Muhammad jaamam la di
ndawam, Yaalla na Yaalla julli ci
moom te doolliko jaam.

Ginnaaw loolu:

Diine lislaam bi Yonent bi (**Yaalla na
Yaalla julli ci moom te doolliko jaam**)
mooy diine bi gëna mat ci diine yi te
gën ci, gën ce kawe, gën ce maagg. Te
bapare mu laamboo akiy taar akup mat
ak mbaax ak yërmande ak mandute
akup xarañ. Di seede Yaalla ak mat

akup xamxam bu peeg akup xarañ yu amul fuñu yam. Di seedeel sunu Yonent ak yoneentaam ne lu tege ci dëggula, te mooy wu dëggu kiñu dëggal, **ki dul waxe baaneex**: "Lumu wax dañ kokoo wahyu." [\[1\]](#)

Konnak diine lislaam bookkna ci lay bu gëna maagg akup seede bu rëy buy wane weet gu Yaalla weet cik matam gu amul fumu yam; ak yonentuk Yonentebi (yaalla na Yaalla julli ci moom te dooliko jaamm) akup dëggoom.

Lima jublu ci mbind bii mooy fesël fi sama xamxam tooll ci leeral cosaani taari diine bu maagg bi di lislaam,

doontene sama xamxam loottna beepp
loott ci wane leenn ci li diine jii
laamboo cik maaggaay akup taar akup
mat andak ne sama samay kaaddu
loottnañ ci farñfaacceko cik matal wala
diko yaatal; waye du leep luñu mënul
peeg lune wala yegg ci njombaxtalgi
wala lici ëpp, du jaadu nitki di baayyi
limu ci xam ngit limuci xamul; ndax
Yaalla tegul bakken ludul limu mën.

**Moo wax né:(Ragallen Yaalla keem
seen mën mën).[2]**

Lixaral loolu mooy ne xamxam bi
neekk ci xam taari lislaam yi dafa
laammboo akiy njariñ yu limu:

Leeral naci né bookk ci ngëneelu xamle
al leeral taaru lislaam:

- Bookkna ci jëf yi gën yi nitki di jox waxtoom; mudi waxtu bulay jariñ te dula lor.
- Bookkna ci ne xam ak waxtaane xeewalu Yaalla yi daa bookk ci yimu digle moom akup Yonentaam. **Te bookkna ci jëf yi gëna baax; te sikkisaakka amul ne gëstu ci lu jëm ci taari lislam dina jur nanggu ak waxtaane ak xalaat ci xeewëlu Yaalla bi gëna maagg ciy jaamam:** te muy lislaam bi nga xamne du naanggu budul moom. Kone waxtaanee boobu ci boopptam

xeetu sant Yaalla la ak saakkuk
ndoolleent.

- Bookkna ci ne nit ñi da ñuy gënënte ci ngëm, nu nitki di gëna doolleekoo xamxam ci lislaam ak maaggalko ak begeeko mu ngëmëm di gëna dëgérér, mu gëna am koolute; ndax dafa neek diine bu laamboo mbooleem ciosaani ngëm akiy tëŋkkam.
- Bookkna ci yoon yi gëna gaaw ci woote jëme ci lislam ak leeral limi laammboo ciy mbaax yoo xamne bepp borom xel ak fitra bu mucc dakoy nanggu.

Su amoon ñu feetewoo farañfaacce
dëgg dëggi lislaam ak di leeral nit ñi li

ci neekk ci yu baax, loolu donjgg doon na doy sëkk ci xertël ci nit; ndax li ci lislaam ci luy baaxal adduna ak allaaxira ak biir bitti ci ludul ñuy soxla toonntu ay lënnt yi ñukoy taxtal wa di jam diine ñi juuyoo ak moom.

Ndak diine lislaam ci booppam dafa laamboo toontu beepp lënnt bu juuyoo ak moom; liko waral mooyne dëgg la bu aandak ap leeral bu bir akiy firnde yuy joxe koolute.

Te suñu wuññee kiiraay gi ci leenn ci dëggëntaani lislaam dina nek liy gëna waral ñu naanguko ak feete gumuy feete kaw ludul moom.

Taari lislaam nak day feeñ ci mboleseeni njanjalem aki tektalam ak ciy cosaanam aki bañxaasam, ci limiy tektale ci xamxamuk yonal akiy aatte, ci xamxam gu maacc ci mbindef yi ak neekkin bi. Waye nak jubluwuñu faraňfaacceko ak diko toopp benn par been ndax dafay waralup guddal.

Konnak liñu jutbu ci mbinndi mi mooy joxe ay misaal yu am njariñ; yoo xamne dafay tektale yeneen ak di ubbil bunnt ki ci bëgga yaatal.

Suko defe ñuy dimmbandikoo Yaalla, di yaakaar ci mooy mu ginndi ñu te xamal ñu ak mu ubbil ñu ci mangasinu tabeem yi ak terangaam yi luy tax

sunuy mbir yewën te sunuy wax ak
sunuy jêf dici jube:

Missaal Bi jiitu

Diine lislaam, diine la bu tabaxu ci
saxal mbooleem reeni ngäm yi Yaalla
mu kawemi tudd ci waxam jimne:
"Waxleen ne gëmnañu Yaalla ak limu
waacce ci ñun, ak limu waacce ci
Yonent Yaalla Ibrahim ak Ismail, ak
ishaaq, ak Yaaquub aki sëtëm ak li
Yaalla jux Musaa ak Issa ak li yonent yi
jële ci sen boroom. Duñu taaxxale
digënte ñeenn ci ñoom; te moom lañu
jeebbalul".[\[3\]](#)

Te ciosaan yu maagg yooyu Yaalla
digal ay jaamam mooy li Yonent yi

dëppoo te mu laammboo ay xamxam yu
maagg aki passpass yu jëm ci gëm
leeph lu Yaalla mellal boopap ci
laamiñi Yonentaam yi ak goorgoorlu ci
soobu yoonu ngërëmëm.

Diine joo xamne ciosaanam mooy gëm
Yaalla, meññentam di soobu yoonu
limu te gérëmko boolekook sellal; ndax
dina am kuy jaapp ne amna buko
gënwaagg wala gënkok rafet?

Diine joo xamne dafa digle gëm liñu
jox Yonentyi, ak dëgêl senuk Yonent,
ak nangu dëgg giñu jële ci sen boroom,
ak baña texxale kenn ci ñoom, ak ne
ñoom ñëpp ñu dëggulañu, ak ne ñuñu

woolu lañu te ay sellalkat lañu, du mëna
nekk mukk diine muñu mëna jam.

Diine la joo xamne dafay digle leepp
luy dëgg, di nanggu lepp luy dëggu, di
saxal lepp lu aju ci diine te am cëslaay
wahyu bu Yaalla di wahyu
Yonentaamyi te mu nekk lu juuyoowul
ak xel ak fitra ba pare du bañ dëgg
bumu mënti doon. Konnak moo feete
kaw mboolesen diine yi.

Dafay digle jëf yu radet yi, ak jikko yu
teddyi, ay luy yewenël nekkinu jaam yi,
di xirtël ci mandu ak ngëneel ak
yërmende ak lu baax, di xuppe waliis
tooñ ak jalgati akiy jikko yu ñaaw.
Amul benn jikko buy tektaleep mat te

Yonent yi saxal ko ludulne saxalnako, amul benn mbir buy baaxal diine wala adduna te yoonal yu jiituyi waoote jëmeci ludulne sooññenaci, wala ap yaxx ludulne terenako te digle ñu sori ko.

Cip tënkk: Passpassup diine lislaam daal mooy biy sellal xolyi, di yewenal ru yi; jikko yu baaxyi ak jëf yu rafet yi dici saxe.

Ñaareel bi

Yoonal yi gëna maagg yi lislaam yoonal ginnaaw ngëm mooy: taxawal julli, jooxe asaka, woor weeru koor, ajji maakka.

Ku leen seettantal bu baax dina gis lici nekk ci aay ndariñ yu kawe ay limiy waral ci sakku ngërmande Yalla ak am payooram ci adduna ak allaaxira.

Seetlul lici julli cik seellal, ak dëgmël gu mat sëkk, ak tagg, ak ñaan, ak toroxlul. Te palasam ci garabuk ngäm dafay toollook waaccuwaayu saytu tool ak diko roose. Sudul woonak baamu giñum baamu julli gi juroomi yoon ci besbi kon garabuk ngäm gi dina mujje wow, bapare ay baŋxaasam dina fënëx. Waye julli mookoy suuxat diko dunndal.

Nga xool itam li ci julli ci yittewoo tudd Yaalla nga xamne moo gëna

maagg, ak ne julli dafay dox diggantem ak kikoy def ba du taabbi ci lu bon ak lu ñaaw.

Nga ñëw ci asaka ci ay jikko jikku yu baax ñi, cik yaatu ak tabe, ak sori jikko ñu sikk ñi, ak sante Yaalla ciy xewalam, ak wattu alalji ci leep Lukoy nëxël, ak lici nek cik def njekk ci mbinddeefyi ak jookk ñi ñaakk, ak fac aajoooy borom soxlayi.

Niki noonu asaka laambboona ak feg ñi ñaakk ci loru, dinañko dimmbandikoo ci xare ak yi nga xamne manul ñaakk ci yewenal nekkinu jullit yi, akitam ne dinalen fegal ñaakk ak ñi ñaakk, ak amup koolute ci kuutëluk Yaalla, ak

yaakaarup payooram, ak dëgël limu
dige.

Bude koor moom taagatu bu am solo
moo ci neekk, ci yar bakken bi ci mëna
baayyi lumu bëggooon te taammko ak
taaggatko ci muñ ak dogu bu dëgér;
lool lepp tege ci bëgg Yaalla ak toopp
ko.

Laamboona itam dooleel liy tax
bakenbi di seellal ak jiital li Yaalla
bëgg ginaleko ci limu bëgg. Moo tax
koor neekk ngir Yaalla ba tax mu
jagooko walis yeneen xeti jaamu Yaalla
yi.

Ku baayyi xel ci ajj dina seetlu alal gi ci
nit di def, ak dekku ay cioono ak, leepp

ngir saakku ngërmëde Yaalla ak teer ci palaas yu teedd yi ak toraxlu ci kaaba gi nga xamne kërëm la, ak jagleelko ay xeeti jaamu yu wute ci palace berëp yooyu, ak nga xamne ay ndabi xeewël la yumu defal ay jaamam ak delegasiyon *** yuko dikkal.

Boolekook lici neekk ci maaggal Yaalla ak toroxlulko toroxlu gu mat sëkk, ak di faattaliku nekkinu Yonent yi, ak taanneef yi, ak seellalkat yi; loolu diluy dëgérël ngëm ak di yookk sunu mbäggeel ci ñoom.

Ak lici asaka ci xamante diggante jullit yi, ak beennale seeni kaaddu, boolekook ni seeni njariñ yudul jeex di

ci dëppoo; loolu bookk na ci taari lislaam yi gëna maagg ak njariñ yi gëna kawe yu jullit yi di faaggu.

Lii nak ap xippi bët la cip tënkk.

Natteel bi

Bookna ci taari lislam yi, mooy digle gu Yaalla digle ak sooññee gumu sooññee cik beennoo ak dëppoo, waye tamit tere gumu tere ak xuppee gumu xuppee ci taaxaliko ak wute.

Ay laaya akiy adis yu limu yaxal nañu loolu.

Te kepp ku amuk seetelu dina yeg njariñ gu neekk ci lii. Ak liciy juddu ci

njariñal aadduna ak allaaxira akup
mucc ci lor ak yu bon.

Te itam kaattan ak dooley biir bu tege
ci dëgg lii mooy cosaan boo xamne ci
lay wër.

Niki noonu, xam nañu ne ni jullit yi
neekkeewoon ci njëlbeenuk lislaam ci
diine gu jus ak neekkin gu baax, ak
kaattan keneen kudul ñoom
yeegguciwoon; ndax dañoo
tënkuwoon ci cosaan googu andak
taxaw ci dëgg dëggi taxaw boolekook
koolute gu dog ne mooy ruuk seen
diine.

Te liy gëna leeral loolu mooy:

Ñeenteel bi

Diine lislaam, diineep yërmënde la ak barke ak rafetal akup sooññe ci jariñ nitñi.

Li ci diine lislaam cik yërmënde ak jëflante gu rafet ak woote jême cik rafetal ak tere leepp lu wute ak loolu, def nako mu doonup leer gune raanjang ci diggante tooñ ak jalgati ak jëflante gu ñaaw ak xoottik worma.

Mooy diine bi xëcc ci moom xolu ñuko gënoona noonoo; ba ñu mujjee kerlu ci keeppaaram gu yaatu gi.

Mooy diine bi ñeewant te leet ci ñici askanoo ba yërmënde ak njeggël ak

njeekk di balle ci seeni xol badi
jeexital ci seeni wax ak seeni jëf; ba
jeeggileen jaall ci seeni noon ba ñu
mujje neek seeni peete: ndax amna ci
ñoom (**seeni noon**) ñoo xamne ñu taabi
ci lislaam teg ko cip gissgiss bu leer ak
yeg yeg gu dok; amna itam ñu taabbi ci
lislaam cik nanggu ak xeemmeem ay
aatteem ak gën gimu gën aatteey seen
diine ndax limu laambbo cik maandu ak
yërmënde.

Juroomeel bi

Diine lislaam, diineep xarañ la, ak
cosaan gi Yaalla binndee nit, diine bu
xel nanggu, ak mbaax ak texe.

Li koy gëna firndeel mooy: li lislaam laamboo ci cosaani atteem ak seeni baŋxaas yi nga xamne cosaan gi Yaalla binndee nit ak xel bu mucc dakoo nanggu booleko ak woommatu gu tege ci nattuwaayup dëppoo dëgg, ak li lislaam laambbo ci ap xarañ ci tërëlin.

Ak cip nosee, ba nooppi neekk lu yewën ci beep jamono ak palas. Ay xibaaram leepp dëgg la te dëggu, te beneen xamxam ci li jiitu wala li mujj mënul innddi lukoy feecci wala diko weeddi. Waye li am kay mooy ne yeneen xamxam yi tege ci dëgg dañu koy feeddali aka dëgérél ; mu neekk kon lay wu dok cip dëggoom.

Ñi maandu tey werlu seen xamxam wanenañu ne beepp xamxamu diine wala aadduna wala politik bu am njariñ, Alxuraan tektale nako tektale gu amul beenn sikksaakka.

Lii leepp di dooli jullit bi ngëm.

Juroombenneel bi

Ku seetlu ni lislaam täre mbiru xare ci yoonu Yaalla, dina giss ne limu ci jublu mooy aar lislaam ak jullit yi ci jalbatip noon yi ci ay axxam ay woote bimuy woote jëme ci mbaax.

Wuteek beep jubluwaayup: xër cip moomeel wala dabiy baanneex; waye dafay dugg ci lumunul ñaakk.

Doynaci firnde ci lii, mooy dunnduk Yonentbi (**Yaalla na Yaalla julli ci moom te dooliko jaamm**) akiy saabaam ak seeni noon.

Batay itam, digle lu baax tere lu bon ci liy taxawu diineji la book ak diko saam.

Juroomñaareel bi

Bookna ci taari lislaam, mooy lu jëm ci jëflante ci njëdd ak njaay ak leble ak bookk ligeey ak leble.

Toomb la boo xamne lislaam
baayiwuko ginnaaw ndaxi njariñam yu
kawé ci baaxal mbiru jullit yi ak seenup
neekkin ci kaw suuf.

Tekna ci ak aatte yu xarañ, te tere ci
leepp luy inndi lor ci jëflante lu melni
ribaa ak jalgati.

Juroomñatteel bi

Bookna ci li gëna fees ci taari lislaam,
mooy daganal gumu daganal leepp lu
teey te laap ci leek ak naan ak sol ak
sëy.

Mulaambboo leep lu jëm ci baanneex
bu dagan te teey.

Juroomñeenteel bi

Bookna ci taar yi batay, mooy saam bi
Yaalla saam mbooleem ax yi ci
diggante mbinndeef yi ak mbooleem
yiw ak rafetal ak maandu ak sori tooñ.

Lu melni axiy waajur, ak doom, ak way jegeñaaleyi, ak dëkkandoo yi, ak andandoo yi, ak niñu bookkak ligeey, ak diggante waay deeñanteyi.

Mudi lu xel naanggu te bëgg ko ak di dox jëm ci.

Fukkeel bi

Mooy ni lislaam tërëlé leep lu jëm ci ndono.

Mu tek ay nattukaay yu matale te maandu ci niñu wara seeddale ak ni wara doonn.

Fukkeel bi ak beenn

Mooy li lislaam têrêl ci ay daan ak xeetale gumuko xeetale keem dayook jalgatigi.

Leep jëm ci saam aaxi nit ñi ba ñu baña tooñ keenn wala ñuy jalgati ci alalam wala bakkenam wala deram wala njabootam.

Fukkeel bi ak ñaar

Bookna ci taari lislam yi mooy: dox diggante nit ki loott ci saytu alalam ak jëfëdikooko ci melokaan wu baax ngir mu baña loru wala loree.

Niki dof wala xale bu matagul saytu ay mbiram.

Fukkeel bi ak ñatt

Mooy firnde yimu yoonalal boroom aax yi ngir ñuy jot ci aaxam ci jamonoom bi jaadu, ak mucc ci sikkisaakka.

Mu bookk cik maandute gu fes.

Fukkeel bi ak ñeentt

Mooy li lislaam sooññee ci rafetal jëmee ci mbiddeef yi; mu bookk ci liy jural jullitbi yool ak njeekk ci nitñi.

Mudi luy inndi naataange ci jullit yi ak barke.

Fukkeel bi ak juroom

Ay tënkk yimu yoonal ngir aatte beep xulo, wa wutal geennukaay mbir yi y xew ci diggante nitñi, wala jox dëgg

keenn ci ñar ñiy wootewoo mbir. Mudi ay tënkk yu tege ci maadute akiy firnde.

Fukkeel bi ak juroom beenn

Mooy digle bi lislaam digle diisoo ak tagg gumu taagg ñi gëm ci sababuk seen mbooleem mbir yi dafa rege ci diisoo

Mudi lu mbooleem boroom xel yi nanggu.

Fukeel bi ak juroom ñaar

Mooy ne lislaam dafa dikk ngir yewenal leepp lu jëm ci diine ak aadduna ak boole diggante luy baaxal ruu ak bakken.

Muy ap digdoomu diggante aadduna ak allaaxira.

Fukkeel bi ak juroom ñatt

Mooy li lislaam def ne xamxam ak diine ak kilifteef ak aatte ñuy ay mbir yuy dëgërélante di moottalante. Mootax mu joxko yitte bu fes.

Fukkeel bi ak juroom ñeent

Diine lislaam laammboowul dara luy juuyoo ak xel bu mucc ayyib wala xamxam bu wer.

Mu book ci mbir yi gëna rëy yuy wane xarañup boroombi ay peeg gimu peeg leepp lumu bindd.

Ñaarfukkeel bi

Bookna ci taari lislaam yi mooy, doole
gimu am ci beenale ay xol yu feewaloo
ak far noonoo ci diggante niteñi.

Aandak pexe yu bari te wuute yuko
noon yi de fexeel, suba ak ngoon, guddi
ak bëccak; ak seen kaattan yu ñi ciy
def.

Waye loolu terewul lislaam di desfi
baleegi.

Muy wane ne lislaam dafa amup
kaattan gune ci biiram boo xamne mooy
ubbi xolyi ci ludul muy aajowoo jasi
saasune.

Ñaarfukkeel bi ak beenn

Moo tënkk mbooleem li jiitu ci ay
toomb, **te mooy:** diine lislaam diine la
bu taxaw ci:

ü Ay passpass yu wer te am njariñ;

ü Ay jikko yu teedd tey foot ruu ak
bakken;

ü Ay jëf yuy yewenal neekkin;

ü Ay firnde ci leepp;

ü Sori leepp luy jaamu ludul Yaalla ak
aju ci mbinddeef;

ü Seellalal Yaalla jaamu gi;

ü Sori leep luy xarga fuufa;

ü Leepp luy mbaax;

ü Bañ ak sori leepp luy yaxute;

ü Maandu ak sori tooñ ak xeet bumu
mëna doon;

ü Sooññe ci faaggū leep luy yekkati nit
jëm ci mat.

Lip ap tënkk rek la, waye jubluwuñuci
peeg.

Suuratu Annajm, aya 4 [\[1\]](#)

Suratu Taghaabun, laaya 16 [\[2\]](#)

[\[3\]](#) suratul baqara ([laaya 136](#)).